



**Education  
Network**

***UP Academy Boston***  
*Manyèl Ansèyman Lang Anglè*

## Tab Matyè yo

<b>Entwodiksyon</b>	3
- Vizyon nou an	3
- Prensip Gid nou an	4
- Deskripsyon Manyèl la	4
- Aksè ki Egal	4
<b>Responsablite kowòdonatè EL la</b>	5
<b>Idantifikasyon ak Plasman</b>	5
- Idantifikasyon	6
- Plasman	6
- Evalyasyon Anyèl	7
- Ansyen elèv anglè	7
- Pwen referans jiska konpetans	7
<b>Pwogram nou an</b>	7
- Karakteristik Eksperyans Elèv yo	8
- Fèk vini	9
- Menm fòmasyon epi ESL la enkli	9
- Modèl Pwogram yo Rekòmande	10
<b>Patisipasyon nan Evalyasyon Leta ak Distri a</b>	10
<b>MCAS – Jeneral</b>	10
<b>Elèv anglè avèk andikap</b>	11
<b>Enfòmasyon pou kontakte</b>	13

# Entwodiksyon

## Vizyon nou an

Objektif la nan UP Academy Boston se vin yon lidè nan chan Aprantisaj Lang Anglè a kote tout pwofesè yo kolabore pou soutni Elèv k ap aprann Anglè (ELs) fè aktivite ki pratik:

- Itilize panse ki lojik, òd siperyè ak yon diferans ki baze sou done yo pou reponn ak bezwen linguistik yo ak akademik yo pou elèv yo;
- Otorize ELs kòm sitwayen mondyal epi rezoud pwoblèm mond reyèl la, pandan y ap selebre idantite miltilang yo ak miltikiltirèl yo; epi
- Ankouraje dispozisyon diskou akademik yo ak konesans sou kontni ki nesèsè pou reyisi nan EL Scholars nan klas òdinè yo, segondè, kolèj, epi pi lwen.

## Prensip Gid nou an

- **Aprann Lang lan grasa kontni ki lojik** – Nou kwè elèv yo aprann lang lan pi byen grasa kontni akademik ki lojik ki apwopriye epi ki klè epi patisipe nan travay refleksyon òd siperyè a. Nou analize egzijans akademik lang espesifik la pou chak kontni ak nivo klas la epi itilize estanda WIDA a, ansanm avèk kontni estanda yo, pou planifye ansèyman kontni ki lojik avèk sipò lang lan gen ladan l.
- **Aksè Echafodaj yo** – Nou konbine konesans nou an nan nivo devlopman lang anglè elèv yo ak dezyèm lang pwosesis akizisyon an avèk estanda WIDA pou planifye echafodaj ak amenajman ki diferan ki bay tout ELs yo ak pwèn antre ki ekitab nan nivo klas kontni an ak sipò yo nan fè pwogrè akademik ki apwopriye.
- **Entegre nan Pratik Lang lan** – Nan tout leson yo, nou mete lekti, ekriti, tandè, ak pale pou bay elèv yo ase opòtinite pou itilize epi kominike nan lang lan. Nou fè leson nou yo konsa aprantisaj lang lan ak panse ki pwofon e ki solid ka fèt anmenmtan. Nou bay bonjan leson nan lang lan ki favorize yon kolaborasyon enpòtan ak elèv la, bati diskou akademik grasa entèraksyon oral, epi pèmèt tout elèv yo plizyè opòtinite pou pratike lang akademik lan nan diferan kapasite ki apwopriye nan nivo devlopman nan lang anglè yo a
- **Pataje Responsablite** – Nou pataje responsablite nan anseye lang lan. Nou kwè chak pwofesè ta dwe soutni youn lòt, kowòdone epi kolabore nan planifikasyon pou lang lan ak kontni enstriksyon an. Nou baze sou konesans ESI pwofesè yo ak etid yo nan defann ELs epi bati kapasite kontni pwofesè yo pou anseye lang akademik pou disiplin yo a.
- **Itilize Done yo pou Bay Enstriksyon** – Nou toujou itilize toude mezi fòmèl ak mezi enfòmèl nan devlopman lang elèv yo nan kat domèn yo epi analize done sa pou enfòmè enstriksyon nou yo ak diferansasyon
- **Ankouraje Reyaksyon Kiltirèl & idantite plizyè lang** – Nou valorize epi chache konprann lang yo pale nan kay la ak kilti elèv nou yo an patenarya ak fanmi yo. Nou entegre lang sa yo ak kilti yo nan kominote klas nou an ak enstriksyon chak

jou. Nou pèmèt elèv nou yo adopte plizyè lang ak plizyè kilti epi konsidere pati sa nan idantite yo a kòm yon posiblite pou sosyete a.

- **Plonje nan Anglè** – Elèv yo aprann anglè pi vit lè yo tandè moun ki konpetan ap pale l ak lè yo itilize anglè pou fè yon travay akademik ki enpòtan. Nan menm moman an, nou kwè epi ranfòse valè bileng yo ak miltikiltirèl yo. Pwofesè yo fè sa lè yo aprann konesans inik elèv k ap aprann anglè yo pote nan yon leson ak enstriksyon yo, elèv yo itilize konesans sa pou pi byen konprann leson an.
- **Li Tèks Nivo Klas la** – Nou kwè tout elèv anglè yo ta dwe li poukont yo tèks ki nan nivo klas la nan fen premye ane yo nan aprantisaj anglè a, menmsi yo te aprann anglè nan yon lòt lekòl oswa nan yon lòt peyi anvan yo vin nan UP. Si yo pi jèn oswa enstriksyon nou an djanm, elèv yo souvan ka jwenn aksè a tèks ki nan nivo klas la menm pi vit. Sa posib grasa ansèyman dirèk lang lan ak adaptasyon klas la.
- **Tout moun ap anseye lang** – Chak pwofesè k ap travay ak elèv k ap aprann anglè yo responsab pou ede elèv yo devlope abilitè yo nan lang lan. Pwofesè yo fè leson lang lan chak jou nan objektif pou montre elèv yo fason pou itilize lang lan nan domèn kontni an nan yon fason ki senp. Elèv yo mete an pratik objektif lang lan grasa leson an, epi pwofesè a evalye kwasans lang elèv la chak jou epi ti kras pa ti kras.
- **Tout moun Imajine yon Lang** – Elèv anglè yo aprann Anglè atravè kontni an lè kontni an fè sans pou yo. Li enposib pou pwofesè yo anseye chak aspè nan lang lan, elèv k ap aprann anglè yo petèt pa konnen yon leson yo bay. Olye pwofesè a apwofondi lang lan epi fè adaptasyon yo konsa elèv yo ka konprann leson an. Pwofesè yo fè sa lè yo idantifye lang ki difisil nan yon leson yo pa pral anseye epi fè preparasyon endividyèl ak adaptasyon pou elèv k ap aprann anglè yo. Se pa tout elèv ki bezwen medite sou yon lang, epi se pa tout leson ki mande pou imajine lang lan.

## Deskripsyon Manyèl la

Manyèl sa sèvi kòm yon resous pou elèv UP Academy Boston yo ak fanmi yo. Li fèt pou bay zouti yo ak enfòmasyon pou kreye yon pwogram ki solid pou elèv k ap aprann anglè yo. Li gen règleman yo ak pwosedi yo bezwen pou lwa yo epi li dekri pi bon Pratik yo.

## Aksè ki Egal

UP Academy pa separe elèv EL yo ak konpayon yo a k ap aprann anglè, eksepte lè pwogram lan nesèsè pou mete Edikasyon Lang Anglè a (ELE.) UP Academy Boston asire elèv EL yo patisipe konplètman ak konpayon ki pale anglè epi yo bay sipò yo nan kèk kou akademik ki pa esansyèl tankou edikasyon fizik ak atizay yo. Anplis de sa, elèv yo gen menm opòtinite pou yo resevwa sèvis sipò, tankou oryantasyon ak konsèy, nan yon lang elèv la konprann. UP Academy Boston asire yo anseye elèv EL yo menm estanda akademik yo ak pwogram etid la tankou lòt elèv yo. UP Academy Boston itilize objektif kontni ki apwopriye pou klas elèv EL yo ki baze sou distri pwogram etid yo anseye a grasa pwofesè ki kalifye yo. Elèv yo gen aksè nan menm sèvis edikasyon

espesyal yo, plan adaptasyon seksyon 504, ak MTSS (Multi-tiered System of Supports) tankou konpayon elèv k ap pale yo.

## **Responsablite Kowòdinatè EL yo**

Gen yon Kowòdinatè EL nan chak UP Academy yo. Nan UP Academy Boston, Kowòdinatè EL la se yon pwofesè ESL aplentan ki asime plis responsablite. Kowòdinatè EL la asire pwosedi a pou konfòme ak egzijans federal la, eta a, ak bezwen rezo a, plan yo epi dirije administrasyon ACCESS, tès nouvo elèv yo pou idantifikasyon inisyèl kòm elèv EL, re-klasifye elèv EL yo tankou FEL (Former English Learners), oswa re-klasifye elèv FEL yo tankou EL, jan sa aplikab. Si elèv ou a se yon EL epi l bezwen plis sèvis nan domèn edikasyon pral gen yon pwofesè ESL k ap disponib pou patisipe nan MTSS la oswa reyinyon IEP yo. Gen yon pwofesè ESL pou chak nivo klas nan UP Academy Boston.

## **Idantifikasyon ak Plasman**

Lwa eta a ak lwa federal la egzije pou distri lekòl yo evalye konpetans anglè tout elèv ki fèk enskri kote lang li se yon lòt lang ki pa anglè. Objektif evalyasyon sa a se pou idantifye konpetans lang anglè elèv yo epi pou detèmine si yo bezwen enstriksyon dirèk ak sipò pou konplete travay klas òdinè yo an anglè. Dapre rezilta yon evalyasyon lèngwistik, si yo idantifye elèv yo kòm EL, yo kalifye pou sèvis sipò pou lang lan.

## Idantifikasyon

- Enskripsyon nan Lekòl Piblik Boston (BPS), ki gen ladan I UP Academy Boston, ki mande enskripsyon atravè sèvis Byenvini yo, kote fanmi yo dwe fè yon ankèt sou lang yo pale nan kay la. Si repons ankèt la endike nan kay la yo pale yon lòt lang se pa anglè, lekòl li enskri a dwe evalye elèv la pou konpetans lang lan/dominasyon an
- Plizyè elèv rive nan UP Academy Boston ki soti nan yon lòt lekòl BPS epi yo deja evalye estati yo pou EL. Si yon elèv rive nan UP Academy Boston ki soti nan yon lòt lekòl nan peyi Etazini, pwofesè ESL yo pral revize fichye adisyonèl yo depi nan lekòl ki voye l la epi analize rezilta tèl lang lan anvan.
- Pou elèv ki rive nan UP Academy Boston san yon nòt konpetans anglè, men k ap viv nan yon kay kote lang ki pale a se pa anglè, Pwofesè ESL yo nan UP Academy Boston evalye yo nan premye semèn lekòl la grasa WIDA Screener.

## Plasman

Kowòdinatè EL UP Academy Boston analize nivo WIDA yo epi l bezwen chak elèv. Sou baz rezilta sa yo, lekòl la ka rekòmande plasman nan yon salklas imèsyon Anglè ki Pwotete (Sheltered English Immersion) (SEI) oswa nan klas elèv ki fèk vini yo, oswa yo ka detèmine elèv ki pa bezwen sèvis ESL. Direktè ESL UP Academy an pataje rezilta tèl yo epi yo rekòmande plasman ak fanmi elèv la, nan lang manman l, pa plis pase 30 jou apre yo fin administre difizyon an. Yo mete yon kopi rezilta tou nan fichye adisyonèl elèv la. Si paran an dakò ak plasman an, UP Academy Boston ap voye yon lèt Notifikasyon bay paran an, k ap ekri nan lang matènèl fanmi an, epi y ap mete yon kopi lèt la nan fichye adisyonèl elèv la

Yon paran ka refize enskri timoun li yo nan pwogram anglè yo rekòmande a li ka siyen yon lèt li soti. Si yon paran refize, elèv la pa pral resevwa sèvis ESL yo, epi y ap mete yon kopi lèt la nan fichye adisyonèl elèv la ak nan fichye ESL la. Y ap toujou konsidere elèv sa yo kòm elèv EL jiskaske l reponn a kritè sòti a. UP Academy pral administre ACCESS la chak ane pou detèmine metriz lang anglè a.

## Evalyasyon chak ane

Tès metriz anglè UP Academy pou tout elèv EL yo chak ane.

Elèv yo pran tèl WIDA ACCESS la (ACCESS) an janvyè chak ane, ki mezire metriz lekti yo, ekriti, tandè, ak pale anglè. Direktè a administre ACCESS la sila ki fini fòmasyon administrasyon ACCESS WIDA a. UP Academy konsidere rezilta yo pou oryante pwogramasyon ane akademik k ap vini an epi pataje rezilta yo ak fanmi yo.

Elèv EL yo patisipe tou nan menm evalyasyon ki baze sou estanda a ak pwogram etid kote konpayon l yo pa EL, eksepte jan sa dekri anba a nan seksyon ki gen tit "patisipasyon nan tès Leta ak Distri a."

## **FELs**

Yo itilize evalyasyon yo chak ane pou detèmine lè yon elèv EL reponn ak kritè yo pou soti nan pwogram EL la. Yo klase elèv sa antanke yon ansyen moun k ap aprann anglè (FEL). Kritè pou kalifikasyon kòm FEL yo se konsa:

- Nòt jeneral omwen Nivo 4.2 sou ACCESS
- Nòt ki konpoze Alfabetizasyon omwen nivo 3.9 sou ACCESS
- Abilite pou fè travay klas òdinè an anglè jan sa endike pa youn oswa plis nan mezi sa yo: klas yo, lokalman administre evalyasyon akademik yo, obsèvasyon yo ekri ak rekòmandasyon yo nan men pwofesè elèv yo, Definisyon Pèfòmans WIDA, e yo KA FÈ Deskripsyon yo, ak pèfòmans nan tès kontni MCAS la

Yon fwa yo nome yon elèv ankò kòm FEL, UP Academy pral jere l pou kat ane yo pou evalye pwogrè akademik li yo san sipò lang lan. Si yon FEL pa reyisi fè pwogrè akademik, jan yo mezire l pa kalifikasyon l ak evalyasyon yo, epi ekip lekòl la detèmine echèk sa dwe se yon mank metriz nan lang anglè a, yo dwe re-klasifye elèv la kòm yon EL. Y ap asiye elèv la nan pwogram SEI ak sèvis ESL. Elèv la pral pran ACCESS jiskaske l ka demontre abilite pou l fè travay klas la an anglè san sipò lang lan.

## **Tèm yo atravè Metriz**

Chak ane, sou baz nòt ACCESS elèv la, depatman Massachusetts nan Edikasyon Elemantè ak Segondè detèmine yon objektif pou ane k ap vini an. Objektif la, oswa referans lan, se nòt minimòm yo bezwen pou elèv la rete sou bon wout la pou rive nan metriz Anglè nan sis ane yo.

UP Academy kontwole pwogrè elèv yo fè nan metrize anglè nan reyinyon referans yo. Pou elèv ELs yo ki pa metrize reyinyon referans yo, Lekòl la pral:

- Idantifye domèn kote elèv la bezwen amelyore;
- Etabli objektif pèsonalize pou elèv la reyalize metriz anglè a;
- Evalye epi suiv pwogrè elèv la nan domèn yo idantifye yo;
- Jwenn epi mete kòmantè paran yo oswa gadyen legal la nan EL la; epi revize resous yo ak sèvis ki disponib yo pou asiste EL.

Kèk nan etap lekòl la ta ka pran yo gen ladan:

- Evalye estrateji yo pou amelyore ansèyman ki pratik yo ak woutin pou ELs
- Bay pwofesè ELs yo plis sipò, ki gen ladan devlopman pwofesyonèl ak fòmasyon
- Egzamine opòtinite pwogram etid la ak zouti ki disponib yo pou pwofesè ELs yo
- Jwenn plis materyèl ki fèt pou ede elèv ELs yo ki difisil pou yo metrize anglè

- Etabli ekip sipò lang ki ka gen ladan l pwofesè anglè yo kòm yon dezyèm lang (ESL), kontni pwofesè yo, administratè lekòl yo, konseye oryantasyon yo, ak lòt pèsonèl enpòtan
- Soutni opòtinite kolaborasyon estriktire pou pwofesè EL yo ak( ESL yo
- Pwofesè yo ak pwofesè kontni yo) pou revize done pèfòmans elèv la regilyèman

## Pwogram nou an

UP Academy Boston fè yon pwogram imèsyon anglè ki pwoteje (Sheltered English Immersion) (SEI). Elèv yo deziyen kòm EL yo yo mete yo nan yon twoup ki gen ladan l elèv EL yo ak elèv ki pa EL. Klas yo nan twoup yo se pwofesè SEI apwouve ki bay yo nan domèn kontni ki apwopriye (oswa pwofesè DESE yo ki renonse). Selon nivo elèv yo, jan sa dekri anba a, yo pral resevwa sèvis reparasyon, sèvis transfè, oswa yon konbinezon de toude.

### Kontwòl Karakteristik Elèv yo

ELD Nivo 1-2	ELD Nivo 3	ELD Nivo 4-5
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Elèv yo abitye ede nan anviwònman lekòl la konsa yo santi yo an sekirite, yo aksepte yo, yo valorize yo, epi yo envesti yo nan aprantisaj la</li> <li>• Elèv yo retire nan ELA yo/nan alfabetizasyon pou resevwa fòmasyon ESL ki apwopriye nan devlopman epi yo enkli ak sipò nan lòt klas kontni ki pwoteje yo.</li> <li>• Elèv yo gen plizyè opòtinite pou devlope nan lang lan chak jou lè yo koute, pale, li, epi ekri.</li> <li>• Gen plizyè opòtinite pou elèv yo patisipe nan deba akademik ki estriktire ki itil ak konpayon yo (toude EL ak sa ki pa EL) ak pwofesè yo.</li> <li>• Atant nan domèn lang yo anpil, asosye ak nivo klas yo pou ede nan pale ak nan ekri.</li> <li>• Pwofesè yo itilize estrateji vizyèl yo, ansanm ak jès, ritm/ton ki apwopriye ak kèk èd natif nan lang lan (lè sa posib) ankouraje</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Elèv yo santi yo plis an konfyans e poukont yo pandan y ap travay ak kontni nivo klas ki diferan.</li> <li>• Elèv yo la nan tout klas ki pwoteje, kontni nivo klas yo men yo gen objektif alfabetizasyon an tou ak èd lang lan pandan tan adisyonèl yo.</li> <li>• Elèv yo te aprann plizyè estrateji aprantisaj yo ka itilize pou travay ak tèks ki egzak yo nan diferan domèn kontni an.</li> <li>• Elèv yo gen plizyè opòtinite pou devlope nan lang lan chak jou lè yo koute, pale, li, epi ekri.</li> <li>• Elèv yo gen plizyè opòtinite pou patisipe a loral, diskou akademik ak konpayon natif yo ki pale anglè ak pwofesè yo, konsa yo ka aprann modèl yo.</li> <li>• Yo ankouraje elèv yo pou yo kòmanse eksplike panse pwofon yo.</li> <li>• Pwofesè yo itilize yon varyete estrikti aprantisaj koperativ ak gwoupman ki fleksib pou amelyore rezilta lang lan ak aprantisaj kontni an grasa kolaborasyon ak konvèsasyon akademik.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Elèv yo kolabore ak konpayon ki pa EL oswa ki travay poukont yo sou kontni nivo klas la.</li> <li>• Elèv yo patisipe nan yon pratik linguistik akademik ki gen gwo demann ki konsantre sou diskou chak domèn kontni an.</li> <li>• Elèv yo itilize sipò yo poukont yo ak estrateji yo te aprann pou jwenn aksè nan menm enstriksyon ki nan menm nivo lojik, ansanm ak konpayon ki pa EL yo.</li> <li>• Elèv yo patisipe epi yo dirije tout gwoup la, ti gwoup, ak deba kamarad yo</li> <li>• Elèv yo li tèks ki nan nivo klas la poukont yo ak yon ti adaptasyon.</li> <li>• Elèv yo gen anpil opòtinite pou yo pratike ekriti akademik nan domèn kontni epi yo aprann fason pou yo ekri klè nan diferan tèks akademik ki estriktire (konparezon/kontras, pwoblèm/solisyon, elatriye).</li> </ul>



<p>opinion yo byen konprann nan aprantisaj la.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Estrikti woutin yo an plas epi elèv yo resevwa enstriksyon ki konsistan epi ki klè pou tout atant akademik lan ak konpòtman yo yon fason pou yo konnen sa yo atann de yo.</li> <li>• Elèv yo resevwa plis soutyen entèvanasyon pou vin gen konpetans debaz nan alfabetizasyon.</li> <li>• Elèv yo resevwa enstriksyon ki klè nan vokabilè sosyal ak nan akademik ak estrikti fondamantal lang anglè a.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Elèv yo resevwa enstriksyon ki klè sou vokabilè akademik ak mo estrateji nan aprantisaj la (separe mo yo, abilitè nan diksyonè, sèvi ak endikasyon kontèks la, elatriye).</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Elèv yo analize estrikti nivo diskou yo toude nan pale ak nan ekri.</li> <li>• Elèv yo kontinye resevwa enstriksyon vokabilè ki klè nan mo 2 ak mo 3 yo epi regilyèman yo itilize endikasyon kontèks la kòm yon estrateji prensipal pou soutni siyifikasyon mo enkonni yo.</li> <li>• Elèv yo patisipe nan aplikasyon konesans gwo ran an ak langaj mond reyèl la, ki gen ladan l deba yo, semènè sokratik yo, redaksyon RAFT, redaksyon diskou, anrejistreman pwogram radio yo, rechèch elatriye.</li> </ul>
---	---	--

## Fèk vini nan klas la

Elèv WIDA ELD ki nan nivo 1 ak 2 yo patisipe nan klas ki fèk fèt yo nan UP Academy. Elèv ki nan klas ki fèk fèt yo resevwa enstriksyon dirèk nan men pwofesè ESL la nan domèn vokabilè, langaj oral, ekriti, analiz tèks ki nan nouvo klas la ak ladrès fondamantal nan lekti. Enstriksyon sa fèt jeneralman lè lòt elèv yo nan klas ELA yo. Objektif UP Academy pou elèv yo nan klas ki fèk fèt la yo ka pale, koute, li, epi ekri nan yon nivo 3 WIDA ELD nan fen premye ane yo. Sa vle di yo domine Anglè sosyal la ak anglè edikatif la ak lang akademik ki nesèsè pou patisipe nan travay ki nan klas la ki nan nivo lekòl la ak yon ti èd. Enstriksyon an se nwayo komen yo aliye, an jeneral ak estanda yo nan klas 6yèm ane a.

Nan diskresyon kowòdonatè EL la ak dwayen pwogram etid la ak enstriksyon, kèk elèv ki nan nivo jeneral ELD 3 asiste klas ki fèk fèt la. Jeneralman, elèv sa yo nouvo nan UP Academy ak nòt ki anba nivo 3 nan kèk kategori.

Elèv ki fèk vini yo pase tan nan aprann abilitè kominikasyon bazik yo (BICS) ak metriz nivo lang lan (CALP). Nan kòmansman ane a. Kòm ane a ap avanse, tan ap pase nan ogmantasyon CALP yo, epi tan ap pase nan diminye BICS.

## Ko-Ansèyman ak Vèsyon ESL

Elèv yo nan WIDA ELD nivo 3 a 5 resevwa ansèyman nan lang anglè nan salklas la nan edikasyon jeneral yo itilize yon modèl SEI. Yo patisipe ak konpayon ki pa elèv EL nan tout domèn kontni an. Jeneralman, elèv sa yo regwoupe pou fasilite diferansasyon ak sèvis yo bay.

Pwofesè ESL yo ak leson ko-anseye yo ak pwofesè edikasyon jeneral yo pandan ELA a ak nan kèk lòt domèn kontni. Toude pwofesè yo te mete leson an ak bezwen elèv yo epi yo responsab pou metrize kontni an ak devlopman lang lan. Yo rankontre nan kòmansman ane lekòl la pou etabli yon relasyon ko-ansèyman, yon nòm sou kilti klas la, epi kòmanse aprann konnen elèv yo ak lis sèvis yo. Yo gen yon tan pou planifikasyon komen pandan ane lekòl la pandan yo planifye pou ko-anseye.

## Modèl Pwogram yo Rekòmande

ELD Nivo 1-2	ELD Nivo 3	ELD Nivo 4-5
<p align="center"><b>Omwen 90 minit pa jou avèk yon pwofesè ESL</b></p>	<p align="center"><b>Omwen 45-90 minit pa jou avèk yon pwofesè ESL</b></p>	<p align="center"><b>Omwen 45 minit pa jou avèk yon pwofesè ELA ki sètifye doub, pwofesè edikasyon espesyal ki sètifye doub, oswa pwofesè ESL</b></p>
<p>Elèv yo nan twoup EL yo regwoupe elèv 1yo ak 2 yo yo nan yon klas pou fasilite diferansasyon ak sèvis yo bay</p> <p><b>Enstriksyon ESL</b></p> <p>Pwofesè ESL la retire elèv yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Pou blòk ELD pandan klas ELA (100 min/jou)</li> <li>● Pou yon sik lekti ki gide ki pi pwofon ki gen vokabilè, lekti nan nivo yo, deba akademik, ak ekriti nan nivo yo pandan yon blòk alfabetizasyon (30 min/pa jou)</li> </ul> <p><b>Enstriksyon Kontni an</b></p> <p>Yo enkli elèv yo nan matematik, istwa, ak syans. Pwofesè nan domèn kontni yo pral bay tout sipò ki apwopriye ak adaptasyon pou elèv ki nan nivo EL.</p>	<p>Elèv yo nan yon twoup EL. Jeneralman, 3 yo dwe regwoupe ak 4 yo ak 5 yo pou fasilite diferansasyon ak sèvis yo bay.</p> <p><b>Enstriksyon ESL</b></p> <p>Blòk ELA se ko-anseye pa yon pwofesè ESL / pwofesè ELA, oswa pwofesè ELA ki sètifye doub ELA/ESL.</p> <p>Pwofesè ESL yo ka retire nivo 3 yo pou entèkansyon alfabetizasyon pandan yo enfòme yon blòk pou konsantre nan lekti akademik, deba, vokabilè ak ekriti ki nan nivo yo. Sik lekti ki gide yo ta dwe fèt sou sijè yo ap aprann konsènan kontni klas yo a.</p> <p>Nan limit ki posib, nivo 3 yo ta dwe priyorite pou leson patikilye chak jou nan domèn kontni an, espesyalman ELA.</p> <p><b>Enstriksyon Kontni an</b></p> <p>Yo enkli elèv yo nan matematik, istwa, ak syans. Pwofesè nan domèn kontni yo pral bay tout sipò ki apwopriye ak adaptasyon pou elèv ki nan nivo EL.</p>	<p>Elèv yo nan yon twoup EL. Jeneralman, 4 yo ak 5 yo dwe regwoupe yo ak 3 yo nan yon chanm prensipal ansanm ak elèv ki pa EL yo pou sèvi kòm lang modèn. Elèv yo enkli nan tout kontni klas yo.</p> <p><b>Enstriksyon ESL</b></p> <p>Blòk ELA se ko-anseye pa yon pwofesè ESL / pwofesè ELA, oswa pwofesè ELA ki sètifye doub ELA/ESL</p> <p><b>Enstriksyon Kontni an</b></p> <p>Tout pwofesè kontni yo resevwa fòmasyon pou bay sipò ki apwopriye, jan sa nesèsè, ansanm ak yon konsantman sou lang akademik epi resevwa egzamen ak sipò nan men pwofesè ESL la.</p>

# Patisipasyon nan Tès Leta ak Distri a

## Tout Elèv - MCAS

Tout elèv EL yo patisipe nan nivo klas administrasyon yo detèmine a nan egzamen MCAS la (a pati ane akademik 2017-2018, UP Academy Boston itilize MCAS 2.0 ak non PARCC), jan sa nesesè e annakò avèk direktiv DESE. Gen yon sèl eksepsyon: elèv ki nan premye ane enskripsyon yo nan lekòl ameriken yo pa bezwen patisipe nan MCAS. Si yo patisipe nan MCAS, yo pap konte nòt yo nan estatistik lekòl la. Elèv EL yo (aktyèl ak ansyen) yo ka itilize diksyonè bileng yo apwouve ak tradiksyon mo-pou-mo, men se pa definisyon pandan tès la. Yo gen dwa tou pou gen tan siplemantè pou fè evalyasyon yo.

## Elèv anglè avèk andikap yo

Anpil elèv ki gen andikap, ki gen ladan l elèv k ap aprann anglè yo, yo pèmèt yo adaptasyon nan tès leta a ak tès distri a, ki gen ladan l MCAS. Adaptasyon yo pèmèt yo a yo nan lis Plan Edikasyon Endividyalize (IEP) oswa 504 Plan Adaptasyon (504 Plan).

Yon elèv IEP oswa ekip 504 la yo dwe detèmine tou fason elèv la pral patisipe nan tès ACCESS epi mete enfòmasyon sa nan dokiman IEP oswa plan 504. Adaptasyon pou MCAS ki disponib pou tès ACCES, ak eksepsyon sa yo:

- Adaptasyon A16 (bray)
- Adaptasyon ki pa estanda SA1.1 (Lektè Tèks Elektwonik)  
Adaptasyon sa **pa disponib** pou itilize sou pòsyon lekti tès ACCESS pou ELL yo, dapre règleman konsòsyon WIDA. Elèv yo ka eseye tès la san adaptasyon pou resevwa yon nòt jeneral.
- Yo prezante pale ak tandè ansanm, nan yon peryòd ant yon travay tandè ak yon travay pale
- Administratè tès la fè nòt tout konpozan yo kòm tès ki administre.

## Enfòmasyon pou Kontakte

Rashidah Lawson  
Direktè  
UP Academy Boston

Jeanine Morris  
Dwayen pwogram etid ak enstriksyon  
nan  
UP Academy Boston  
Maryellen Leonard  
Kowòdinatè EL nan  
UP Academy Boston

215 Dorchester Street  
Boston, MA 02127  
(617) 635-8819

Ashley Fogarty  
Direktè pou soutni elèv  
UP Education Network

Rachel Rosen  
Responsab konfòmite SPED nan  
UP Education Network

90 Canal Street, Suite 600  
Boston, 02114  
(617) 307-5960